

*Rezime Plan Ijans Sèvis Refrijerasyon Baystate
100 Baystate Rd., Baystate, MA*

Rezime plan sa a dwe egzat epi konplè, epi li ta dwe ranpli pa anplwaye ki responsab dirèkteman pou repons ijans. Tanpri, pa kite okenn kesyon vid. **Rele imedyatman liy Ijans MassDEP nan 1-888-304-1133 ansanm ak depatman ponpye lokal ou pou rapòte yon debòde lwil oswa materyèl danjere oswa nenpòt lòt ijans anviwònmantal.**

Kontak Ijans Etablisman an

(Mete 2 kontak pou chak toune; ajoute plis ranje si sa nesesè)

Non	Telefòn (Mobil)	Telefòn (Kay)	Adrès Kay
Charlie Parker	(617) 555-5555	(781) 556-4444	4 Ornithology Way, Birdland, MA
Ella Fitzgerald	(508) 555-4444	(508) 545-6666	6 Summertime Blvd., Atasket, MA
Arturo Sandoval	(413) 655-5656	(508) 646-5555	9 Sandunga Dr., Trumpet, MA

Danje nan Etablisman an

Èske gen risk eksplozyon nan etablisman an?	<input checked="" type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
Èske etablisman an ta ka lage yon danje respiratwa ki ta kapab menase travayè sou sit la, sekouris ijans yo oswa vwazen yo?	<input checked="" type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
Èske li oke pou koupe kouran an pandan yon evènman?	<input checked="" type="checkbox"/> Wi *	<input type="checkbox"/> Non
Èske li oke pou fèmen dlo a pandan yon evènman?	<input checked="" type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
Èske li oke pou fèmen gaz la pandan yon evènman?	<input checked="" type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
Èske yon reyaksyon oswa pwosesis chimik ki chape ka rive?	<input type="checkbox"/> Wi	<input checked="" type="checkbox"/> Non

Dekri pwoblèm/enkyetid pou nenpòt repons wi.

Sistèm refrijerasyon ak amonyak san dlo, likid la kenbe anba presyon ak plizyè valv sekirite sou tiyo yo ansanm ak valv kontwòl retou. Kondansatè ak tank depo a sou tèt biling lan, ak yon sistèm tiyo an asye ki mennen andedan biling lan, ansanm ak detektè flit. Sistèm nan bezwen kouran pou li fonksyone, pou deteksyon flit ak vantilasyon andedan biling lan.
* Pou koupe kouran, si vantilasyon andedan biling lan nesesè, repons lan ta dwe non.

Dekri danje espesyal yo idantifye pi wo a.

Yon flit ka lakòz gaz amonyak absòbe imidite nan lè a deyò epi fòme yon nyaj dans ki deplase sou tè a ansanm ak yon odè pike. Yon flit andedan nan yon espas fèmen ka lakoz dife oswa eksplozyon. Respire amonyak ka lakòz iritasyon ak boule nan aparèy respiratwa a, larenjit, difikilte pou respire (souf kout), stridor (respirasyon wo), ak doulè nan pwatrin. Likid nan poumon ak nemoni ka rive tou apre inalasyon. Yon eskay woz ak espim wouj, konvilsyon, ak koma souvan parèt apre ekspoze a gwo konsantrasyon. Lè yon moun vale amonyak, li ka lakòz kè plen ak vomisman; boule nan bouch, ezofaj, ak lestomak komen. Si amonyak nan kontak ak je yo, li ka lakoz iritasyon, doulè, konjonktivit (je wouj ak enfle), Zye dlo (koule dlo nan je), ak erozon kònèy. Pèt vizyon ka rive. Eksperyans po ak amonyak ka lakoz boule grav ak doulè.

Rezime Plan Ijans Sèvis Refrijerasyon Baystate

Dekri twa pi move ka ki te ka rive ki gen rapò ak pwodwi chimik toksik ak/oswa materyèl danjere ki estoke sou sit la:

Sèn	Rezulta Negatif	Kote
Panne valv degajman nan sistèm refrijerasyon an oswa fann nan tank depo a oswa nan tiyo oswa valv andedan/deyò biling lan	Flit amonyak – amonyak san dlo ki kenbe anba presyon ka pete soti nan tank oswa tiyo yo epi gaye tankou yon gaz an fòm nyaj swa deyò, swa andedan yon espas fèmen nan biling lan	Do kay, tiyo deyò ak kondansatè; nan depo a: chanm machin yo, valv prensipal, valv sekou, ponp, ak sistèm vantilasyon.

Envantè Planifikasyon

Ranpli tab ki anba a epi site tout pwodwi chimik yo itilize oswa estoke sou sit la, enkli: pwodwi chimik ak/oswa materyèl danjere ki rapòt nan Nivo II; Lwa sou Rediksyon Itilizasyon Toksik (TURA) [Lis pwodwi chimik](#); Nenpòt lòt pwodwi chimik ak/oswa materyèl danjere. Ajoute plis kolòn jan sa nesesè pou ranpli tab la (ou ka mete l sou yon fèy apa). Asire w ou gen SDS aktyèl sou dosye pou chak pwodwi chimik epi mete yo kòm anèks nan plan konplè preparasyon pou ijans lan.

Konsiderasyon	Pwodwi chimik ki reprezante yon danje		
	Mete non pwodwi chimik la ak nimewo CAS(nimewo idantifikasiyon) la	Mete non pwodwi chimik la ak nimewo CAS la	Mete non pwodwi chimik la ak nimewo CAS la
Danje Chimik (egzanp: ki pran dife fasil, koroziv)	Amonyak san dlo, CAS# 7664-41-7		
Volim maksimòm ki estoke sou sit la	120,000 liv.		
Kijan li estoke (egzanp: tanbou, AST(Tank Depo ki Plase Sou Tè)	Tank asye, tiyo ekipe ak valv tcheke ak valv degajman ki konekte ak kondansatè ak inite andedan kay la		
Ki kote li estoke (egzanp: nimewo chanm)	Tank sou twati ak kondansatè, tiyo deyò ak andedan kay la		

Rezime Plan Ijans Sèvis Refrijerasyon Baystate

Mezi Sekirite ak Kontenans ki Bay (egzanp: sou palèt kontenans)	Monte sou do kay		
Èske materyèl la jwenn nan tank pwosesis oswa nan tiyo yo	Wi		

Desen Sit la ak Kontwòl Pwosesis yo

Tache desen sit la ki montre sa ki annapre yo:

1. Kote tout bouton fèmen sèvis publik yo.
2. Tout zòn depo materyèl danjere ak fatra yo.
3. Tout zòn pwosesis ki itilize anpil pwodwi chimik.
4. Montre kote tank depo pwodwi chimik oswa tank pwosesis yo ye.
5. Zòn danje wo: risk pou jwenn blokaj; danje elektrik; chan mayetik; gaz toksik; sòti limite; twou oswa fos ouvè; materyèl radyoaktif; materyèl enfektye oswa eksplozif; oswa espas fèmen.
6. Mete kle ki idantifye epi defini enfòmasyon ki bay la.

Mete kontwòl pwosesis ak nimewo chanm ki koresponn nan tablo a:

Kontwòl Pwosesis	Nimewo Chanm/Kote
Disjonktè	Chanm elektrik
Fèmen Gaz	Chanm machin
Fèmen Dlo	Chanm machin
Zòn Prensipal Depo Dechè Danje	Chanm separe andedan, kwen nòdwès biling lan toupre zòn chajman an
Panno Kontwòl Alam Dife	Chanm machin
Alam Gaz	Chanm machin
Lòt _____	

* Mete oswa tache foto kontwòl ak danje yo pou ede nan aktivite repons yo. Pwosedi pou fèmen pwosesis yo ta dwe enkli tou pou aktivite ki mande yon pwosedi etap pa etap presi pou reyalize yon fèmenti kontwole.

Popilasyon Sansib ak Resous Kominotè ki Pre

Itilize [Zouti Kat Jeyografik Sekirite Chimik ak Rezilyans Klima OTA](#) ak/oswa nenpòt lòt zouti adisyonèl pou gade **reseptè** yo (popilasyon) ak **karakteristik** yo (resous kominotè, enstalasyon, elatriye.) Nan yon distans omwen $\frac{1}{2}$ mil alantou limit etablisman an, idantifye kalite reseptè sansib ak/oswa karakteristik ki nan zòn sa a: popilasyon jistis anviwònman; popilasyon ki pa pale angle; lekòl primè ak segondè; lekòl prive; kolèj oswa inivèsite; lopital; klinik pou moun k ap deplase; etablisman swen alontèm; prizon; zòn lojman piblik; etablisman gadri; etablisman tretman dlo ak dlo ize; biling

Rezime Plan Ijans Sèvis Refrijerasyon Baystate

minisipal; pak ak lakou rekreyasyon; risk inondasyon tankou zòn inondasyon enteryè oswa kotyè oswa pwojeksyon; ak wout prensipal transpò ak evakyasyon. Tache yon kapti ekran oswa enprime yon kopi kat sa a pou enkli nan plan preparasyon ijans etablisman an.

Enfòmasyon kontak pou reseptè sansib ak karakteristik nan reyon planifikasyon an:

Non Etablisman	Adrès Etablisman	Enfòmasyon Kontak Ijans 24 Èdtan
Otorite Lojman Baystate	55 Resident Drive	Erik Estrada (999) 667-6161
Swen Alontèm Baystate	21 Caregiver Way	Robert Pine (989) 555-5555
Lekòl Segondè Distri a	40 District Street	Larry Wilcox (999) 444-4444

Repons Pou Dechaj

Nòt: Imedyatman rele liy repons ijans MassDEP nan 1-888-304-1133 ak depatman ponpye lokal ou pou rapòte yon dechaj lwil/danre danjere oswa lòt ijans anviwònman.

Konpayi repons pou dechaj anboche pou sipòte etablisman an nan ka gen yon degajman:

Non	Enfòmasyon Kontak
Netwayaj Baystate	Liy Ijans Repons 24 èdtan (999) 888-8888

Èske ekipman pou repons pou dechaj yo kenbe sou plas? Wi Non

Si se konsa, ki kote materyèl sa yo estoke?

Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (PPE) disponib nan kabinè depo ki nan bout aisle 1 northeast corner ak ale 232 southeast corner. Estasyon lave je yo lokalize sou planche depo a nan pòs 45, 90, 135, 180, ak 225. Kit kontwòl dechaj ak kousen absòban pou dechaj lwil.

Dekri kantite ak tip materyèl ki estoke sou plas:

Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (PPE) pou sekouris (6 linèt pwoteksyon, 6 seri gan kawotchou, 4 respiratè), 5 estasyon lave je. Kit pou kontwòl dechaj ak pad absòban estoke nan plizyè kote toupre zòn depo fatra danjere ak sal machin yo.

Siyati

Rezime Plan Ranpli pa: Frank Poncherello

Tit: Sipèvizè Sante, Sekirite ak Anviwònman Dat: 1/1/2021

Rezime Plan Revize pa: Joseph Getraer

Tit: Direktè Egzekitif Dat: 2/1/2021

Rezime Plan Ijans Sèvis Refrijerasyon Baystate

Chak etablisman ta dwe revize plan preparasyon ijans yo avèk pèsonèl sou plas yon fwa pa ane epi mete ajou jan sa nesesè. Anplis, chak etablisman ta dwe revize plan yo ak rezime plan sa a chak ane ansanm ak Depatman Ponpye lokal la ak Direktè Sante lokal oswa Komisyon Sante a.